



Pou Piblikasyon Imedya: 20/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO BAY 63 MILYON DOLA POU RANFÒSE
LOJMAN SIPÒ ATRAVÈ ETA NOUYÒK**

***Pwogram Lojman Sipò Eta Nouyòk la ogmante siyifikativman nivo finansman pou
plis pase 20,000 inite lojman sipò atravè tout eta a***

***Konplete efò kontinyèl Eta Nouyòk la pou adrese pwoblèm moun ki sanzabri epi
prezève ak elaji opsyon lojman ki gen sipò pèmanan atravè eta a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 63 milyon dola nan sibvansyon yo te akòde pou bay 130 founisè sèvis lojman ki gen sipò atravè eta a ki ede moun ak fanmi sanzabri rete nan yon lojman ki estab. Sibvansyon yo—yo bay atravè Pwogram Lojman Sipò Eta Nouyòk (New York State Supportive Housing Program, NYSSHP)—gen ladan yon ogmantasyon jeneral 40 pousan nan finansman ki pral ede prezève ak elaji opsyon lojman sipò nan Nouyòk.

"Kreye ak prezève lojman sipò se yon eleman santral nan angajman administrasyon mwen an pou fè Nouyòk plis abòdab e li kontinye batay nou pou diminye sanzabri atravè tout eta a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman sa yo nan Pwogram Lojman Sipò Eta Nouyòk la pral pèmèt founisè lojman sipò atravè tout eta a kontinye travay enpòtan yo pou ede moun ak fanmi ki te fè eksperyans sanzabri rete nan yon lojman ki an sekirite epi jwenn sèvis esansyèl yo bezwen pou yo pwospere nan kominote yo."

Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta Nouyòk ap administre, NYSSHP finanse sèvis esansyèl ak depans operasyonèl ki sipòte plis pase 20,000 inite lojman sipò pèmanan ak tranzisyonèl ki bay lojman pou anviwon 36,000 moun atravè tout eta a. Nan Bidjè Eta a pou ane fiskal 2025-2026 la, Gouvènè Hochul te garanti yon ogmantasyon 17.8 milyon dola pou NYSSHP ki, apati ane sa a, ogmante to finansman chak inite pou founisè NYSSHP ki deja egziste nan anviwon 40 pousan an jeneral e ki reprezante pi gwo ogmantasyon finansman pou pwogram nan 40 ane.

Nan yon efò pou vize ogmantasyon finansman sou pwojè ki pi vilnerab sou plan finansye atravè tout eta a, plis pase 44 pwojè te konsidere kòm kalifye pou finansman amelyore ane sa a, sa ki prèske double to finansman pou chak inite yo. To finansman

pou tout lòt founisè yo te ogmante nan anviwon 30 pousan. [Gade lis tout benefisyè yo isit la.](#)

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Ogmantasyon finansman nan prim NYSSHP ane sa a enpòtan anpil pou asire lojman sipò ki deja egziste yo rete solid epi aksesib. Prim sa yo ap ranfòse kapasite founisè yo pou bay sèvis sipò ki fè pwogram sa yo inik epi reyisi nan ede popilasyon vilnerab yo kontinye rete nan lojman yo. Nou rekonesan anvè tout founisè lojman sipò nou yo, ki, jou apre jou, bay sèvis esansyèl pou plizyè milye Nouyòkè vilnerab, epi anvè Gouvènè Hochul pou envestisman istorik li fè pou prezève ak elaji opsyon lojman sipò ki nesèsè anpil atravè tout Eta Nouyòk la."

Prim NYSSHP yo fè pati Plan Lojman Gouvènè a ki vo 25 milya dola pou senk ane, ki sou bon chimen pou kreye epi prezève 100,000 lojman abòdab anvan fen Ane Fiskal 2027 Eta a, enkli 10,000 lojman ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, epi elektrifye yon lòt 50,000 lojman anplis. Finansman ki nan Bidjè Egzekitif ane fiskal 2027 la gen ladan 5.7 milya dola nan resous an kapital, 8.8 milya dola nan kredi fiskal Eta ak Federal ak lòt alokasyon federal, ak 11 milya dola pou sipòte fonksyònmanabri ak inite lojman sipèvizè yo epi bay sibvansyon pou lokasyon. Investisman sa a reprezante pi gwo, pi laj, epi pi anbisye plan lojman nan istwa Eta Nouyòk.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2027 Gouvènè Kathy Hochul la kontinye fè envestisman istorik pou kreye epi prezève lojman sipò pèmanan atravè Eta Nouyòk, tankou:

- 153 milyon dola pou Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) OTDA a pou satisfè demann kontinyèl pou lojman sipò epi pou kenbe inite ki deja egziste yo ki ofri yon kote ki an sekirite pou viv pou anpil Nouyòkè ki pi vilnerab e ki pa gen lojman. HHAP bay resous kapital pou kreye lojman, enkli lojman abòdab ak lojman sipò pèmanan, espesyalman pou moun ki sanzabri. Bati sou envestisman amelyore ki enkli nan Bidjè ane fiskal 2026 la, Bidjè Egzekitif ane fiskal 2027 la enkli yon lòt 25 milyon dola nan resous siplemantè.
- 300 milyon dola pou Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative ESSHI) la, sa ki reprezante yon ogmantasyon 60 milyon dola konpare ak ane fiskal 2026 la. Finansman sa a sipòte depans fonksyònman ak depans sèvis pou nouvo kontra lojman sipò ansanm ak kontra ki deja egziste.
- 100 milyon dola pou Pwogram Sipleman Lwaye (Rental Supplement Program, RSP) pou bay sipleman lojman pou moun ak fanmi ki sanzabri oswa ki pral pèdi kay yo.
- 74.2 milyon pou Pwogram Sèvis pou Moun Sanzabri ki Konsolide, sa ki reprezante yon ogmantasyon 2.8 milyon dola konpare ak ane fiskal 2026 la. Finansman sa a sipòte NYSSHP, Pwogram Solisyon pou Mete Fen ak Sanzabri

(Solutions to End Homelessness Program, STEHP), ak Pwogram Sipò Operasyonèl pou Lojman pou Moun ki gen SIDA (Operational Support for AIDS Housing, OSAH).

- 50 milyon dola pou Pwogram Pilòt Koupon Aksè ak Lojman (Housing Access Voucher Pilot Program, HAVPP), ki konsistan avèk pwogram pilòt katran an, ki fèt pou bay asistans lwaye pou kupon lojman pou moun ak fanmi ki sanzabri oswa ki riske pèdi kay yo.

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare, "Mwen aplodi anons jodi a sou 63 milyon dola nan finansman NYSSHIP. Sa a se yon rezilta dirèk travay ane pase a avèk kolèg mwen yo epi Gouvènè Hochul pou asire yon ogmantasyon 17.8 milyon dola pou pwogram sa a. Plis pase 30,000 Nouyòkè k ap viv nan lojman sipò ki an sekirite e pèmanan merite investisman kontinyèl nou an."

Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare, "Lojman sipò se youn nan zouti ki pi efikas ak imen nou genyen pou adrese pwoblèm sanzabri ak enstabilite lojman. Investisman sa yo ranfòse angajman nou pou asire tout Nouyòkè gen aksè ak lojman abòdab, kalite siperyè, ansanm ak nenpòt sèvis sipò yo ka bezwen. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou patenarya li sou sa, kolèg nou yo nan lejislati a pou travay yo fè pou enkli finansman pou lojman sipò nan bidjè Eta a, epi Komisè Barbara Guinn ansanm ak tout moun nan OTDA pou sipò yo bay founisè sèvis atravè eta a k ap fè travay esansyèl sa a chak jou. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay nou pou ogmante opòtinite lojman pou tout Nouyòkè yo."

Manm Asanble Maritza Davila te deklare, "Investisman 63 milyon dola sa a nan Pwogram Lojman Sipò Eta Nouyòk la se yon etap enpòtan e ki nesèsè anpil pou estabilize epi ranfòse lojman sipò atravè eta nou an. Mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè Guinn nan Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta Nouyòk la paske yo te bay yon ogmantasyon finansman 40 pousan ki pral ede founisè yo prezève lojman ak sèvis ki esansyèl pou plizyè milye Nouyòkè vilnerab. Lojman Sipò a ap mache."

Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare, "Yon kote ki an sekirite e ki estab pou moun viv se baz rekiperasyon, diyite, ak byennèt alontèm pou moun k ap lite ak sante mantal ak fizik yo. Lè nou ogmante finansman pou founisè lojman sipò yo, n ap ede plizyè milye moun ak fanmi yo rete nan lojman yo pandan y ap jwenn aksè a sèvis yo bezwen pou yo pwospere epi bati yon avni ki pi an sekirite. Mwen rekonesan ak Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou fè pwogrè nan resous sante mantal epi amelyore kalite lavi Nouyòkè yo."

Direktris Egzekitif Albany Housing Coalition, Inc., Sondra Young, te deklare, "Ogmantasyon prim NYSSHIP 2026 la se yon investisman enpòtan nan efò nou yo pou anpeche veteran militè yo ak fanmi yo vin sanzabri. Finansman sa a amelyore kapasite nou pou nou bay estabilizasyon lojman ak sèvis sipò ki ede veteran yo ak fanmi yo rete an sekirite nan lojman yo."

Direktè Egzekitif YWCA Binghamton ak Konte Broome, Carole Coppens, te deklare, "Nan non YWCA Binghamton ak Konte Broome, nou trè rekonesan anvè NYS OTDA pou amelyorasyon finansman NYSSH a ak ogmantasyon to yo. Resous esansyèl sa yo ranfòse kapasite nou pou sèvi moun ak fanmi k ap fè eksperyans sanzabri lè yo sipòte anplwaye esansyèl nan premye liy—tankou jesyon ka ak sipò pou rezidan yo—epi bay plis kapasite nan netwayaj ak antretyen pou asire pwogram nou yo rete an sekirite, estab, epi byen antreteni. Envestisman sa a ede nou kontinye avanse nan misyon nou epi bay rezidan yo sèvis ak sipò yo bezwen pou yo kontinye avanse avèk diyite epi espwa."

Direktè Egzekitif Connecting Communities in Action, Inc., Andrew Studley, te deklare, "Ogmantasyon finansman NYSSH a bay yon sipò ki nesèsè anpil pou pwogram lojman nou yo. Li ede estabilize resous nou konte sou yo pou kenbe karant inite yo an sekirite, sipòte, epi gen pèsonèl. Envestisman sa a diminye presyon sou bidjè fonksyonman nou an epi li ban nou fleksibilite pou ranfòse sèvis yo, elaji sipò yo, epi amelyore eksperyans lokatè yo. Pou nou, sa vle di nou ka kontinye reponn a bezwen reyèl yo avèk nivo sipò pwogram nou yo epi lokatè yo merite."

Direktè Egzekitif Housing Works, Inc., Charles King, te deklare, "Finansman NYSSH a esansyèl pou siksè pwogram lojman sipò nou yo ak estabilite rezidan n ap sèvi yo. Envestisman sa a sipòte anplwaye ki nan premye liy yo epi li ranfòse sèvis kominotè ki ede moun ak fanmi yo bati yon avni ki pi an sante ak pi estab."

Direktè Operasyon Interfaith Partnership for the Homeless (IPH), Inc., Kristen Giroux, te deklare, "Depi plizyè ane, finansman NYSSH a pèmèt ekip nou yo sipòte lokatè lojman nou yo lè yo bay swen entansif, endividyèl, epi santre sou moun nan. Nou konnen byen jwenn yon lojman se yon kòmansman – se fondasyon kote kliyan yo ka amelyore byennèt yo epi pouswiv yon lavi ki gen sans e ki bay lajwa. Sèvis nou kapab ofri yo ankouraje estabilite alontèm lè yo ede chak lokatè adrese seri bezwen inik yo. Ogmantasyon finansman NYSSH la pral pèmèt nou double kantite sipò n ap bay nan Fulton House, rezidans 47 inite nou an nan Gloversville, lè nou ajoute yon dezyèm responsab dosye, epi li pral pèmèt nou ogmante sèvis netwayaj ak antretyen bilding lan, pou asire ke lokatè nou yo kontinye gen yon kote ki an sekirite, pwòp, epi konfòtab pou yo viv."

Direktè Egzekitif New Destiny Housing, Nicole Branca, te deklare, "Kombinasyon ant aksesibilite, estabilite, ak sèvis fè lojman sipò youn nan resous ki pi efikas pou viktim vyolans domestik yo rete nan kay yo epi rekonstri lavi yo apre yo fin chape anba abi. Gras a envestisman adisyonèl NYSSH ki te fèt ane pase a atravè OTDA, New Destiny pral kapab bay sivivan yo aksè a sipò jesyon ka, sivivan yo ak pitit yo bezwen pou simonte chòk yo epi jwenn estabilite. Nou vrèman rekonesan anvè Gouvènè a, Lejislati a, ak patnè nou yo nan OTDA pou angajman yo pou pote egalite nan ti pwogram sa a ki sove lavi anpil moun."

Direktris Egzekitif Safe Harbors of the Hudson, Lisa Silverstone, te deklare, "Safe Harbors of the Hudson te kontan anpil resevwa plis finansman NYSSHP, ki pral asire kapasite nou pou bay sèvis esansyèl pou 128 vwazen k ap viv nan Rezidans Cornerstone nou an. Mèsi a NYS OTDA pou repons rapid yo bay bezwen esansyèl nan kominote lojman sipò nou yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Volunteers of America Upstate New York, Dr. Junior Dillion, te deklare, "Ogmantasyon finansman ki soti nan NYSSHP amelyore kapasite VOA UPNY pou pouswiv misyon nou pou kreye chanjman dirab nan kominote nou sèvi yo. Lojman ki estab e alontèm se fondasyon pou endepandans, e investisman sa yo pèmèt nou bay kay ki an sekirite e abòdab ansanm ak sèvis imèn konplè ki ede moun ak fanmi yo jwenn estabilite dirab. VOA UPNY sèvi plis pase 10,000 moun chak ane atravè divès pwogram nou yo, ki gen ladan edikasyon pou timoun, sèvis pou reyentegrasyon, prevansyon pou moun ki pa gen kay ak lojman sipò pèmanan."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)